

THE COLLEGE BOARD

SAT[®] Test Directions Translated into HAITIAN CREOLE for Students Spring 2018 Testing Window Only

Notes to the Supervisor: This document should be printed and distributed once students are seated.

Students may use this document to read translations of the directions that are read aloud or printed in their test book.

Students may keep this document open and on their desk during the entire testing period.

Students may **not** be given additional time, unless approved by College Board as a separate accommodation.

Collect this document from each student at the end of testing and destroy it.

© 2018 The College Board. College Board and SAT are registered trademarks of the College Board. Unauthorized copying or reuse of any part of this document is illegal.

Sa Ki Anndan Dokiman an

Nòt pou Elèv la	3
1 Tèks Estanda SAT a.....	4
1.1 Anvan Tès la Kòmanse.....	4
1.2 Pandan Distribisyon Fèy Repons yo	5
1.3 Pandan Distribisyon Liv Tès la	6
1.3.1 Esplikasyon yo pou Kouvèti Devan an	9
1.3.2 Esplikasyon yo pou Kouvèti Dèyè a	10
1.4 Seksyon 1: Tès Lekti.....	11
1.4.1 Pandan Pòz la	12
1.4.2 Eksplikasyon yo pou Seksyon 1 Liv Tès la	12
1.4.3 Deklarasyon Sètifikasyon	12
1.5 Seksyon 2: Tès Redaksyon ak Langaj.....	12
1.5.1 Eksplikasyon yo pou Seksyon 2 nan Liv Tès la	13
1.6 Seksyon 3: Tès Matematik - San Kalkilatri	14
1.6.1 Pandan Pòz la	14
1.6.2 Eksplikasyon yo pou Seksyon 3 Liv Tès la	15
1.7 Seksyon 4: Tès Matematik- Ak Kalkilatri.....	17
1.7.1 Eksplikasyon yo pou Seksyon 4 Liv Tès la	18
1.7.2 Pandan Pòz la	20
1.8 Seksyon 5: Redaksyon SAT	20
1.8.1 Deklarasyon Konsènan Fèy Repons la	21
1.8.2 Eksplikasyon yo pou Seksyon 5 Liv Redaksyon an	21
2 Apre Tès la.....	21
2.1 Pandan y ap Konplete Fèy Repons la	21
2.2 Anvan Ranvwa Elèv yo.....	22

Nòt pou Elèv la

- Sa ki anba la a se yon tradiksyon eksplikasyon yo sipèvizè a pral li awotvwa ak eksplikasyon ki ekri w ap jwenn nan liv egzamen ou an. Tradiksyon sa yo gen dwa pa koresponn mo pou mo ak sa sipèvizè ou a li yo; men, enfòmasyon enpòtan yo rete menm. Si ou gen kesyon sou sa sipèvizè ou a ap li a, tanpri leve men ou.
- Ou ka kite dokiman sa a sou biwo ou pandan tout tan w ap pran tèks la, men ou dwe remèt li bay sipèvizè a apre tèks la.
- Ou PA dwe itilize dokiman sa a pou papyè bouyon.
- Tanzantan, sipèvizè ou a pral anonse kantite tan ki rete nan seksyon an, ak lè pou pòz yo tou lè sa apwopriye. Si w ap pran egzamen an ak yon aranjman ki apwouve, anons sa yo kapab diferan de tan an ak pòz yo ki nan dokiman sa a ki tradwi a. Tanpri koute ak anpil atansyon anons yo sipèvizè ou a ap li.
- Si w ap pran tèks la ak aranjman ki apwouve, sipèvizè ou la kapab ba ou eksplikasyon anplis an Angle.
- Yo itilize senbòl nan tout dokiman sa a pou atire atansyon ou sou enfòmasyon espesifik:



Enfòmasyon Enpòtan



Eksplikasyon sipèvizè ou a bay nan bouch



Eksplikasyon ou jwenn nan liv tèks ou a

1 Tèks Estanda SAT a

1.1 Anvan Tès la Kòmanse

Sipèvizè w la ap kòmanse di:

🔊 Bonjou. Jodi a ou pral pran SAT a. Sa a se chans ou pou montre ki jan ou prepare pou kolèj ak karyè ou.

Si ou gen kesyon sou nenpòt nan eksplikasyon yo mwen ba ou a, tanpri poze yo, konsa ou ka asire w ap bay pi bon travay posib. Si w ap itilize eksplikasyon enprime yo tradwi a, louvri tiliv la kounye a pou swiv ansanm ak mwen pandan m ap bay enstriksyon yo.

Nan sal sa a, ou pral pran tès la mwen te poste sou tablo a.

Aprè sa sipèvizè ou pral di:

🔊 College Board la gen règleman ki te kreye pou bay nou chak menm opòtinite a pou montre kapasite nou. Nou pral anile ou, epi College Board la pral anile nòt tout moun ki eseye pran yon avantaj enjis lè li:

- Bay oswa resevwa nenpòt kalite èd pandan tès la
- Gade nan liv tès la anvan yo kòmanse tès la
- Travay nan move seksyon an oswa ale nan seksyon ki anvan oswa apre a nan liv tès la oswa nan fèy repons la
- Itilize yon kalkilatris pandan l ap travay nan yon seksyon yo sipoze fè san kalkilatris
- Make repons yo apre yo di lè a rive
- Pataje kesyon tès la ak nenpòt moun pandan tès la oswa apre tès la
- Sèvi ak nenpòt èd ki pa otorize pou fè tès la, ladan yo telefòn, pandan tès la oswa pandan pòz yo
- Eseye pran tès la pou yon lòt moun

Yo ka ranvwaye ou tou pou:

- Manje oswa bwè nan sal tès la (sòf si lekòl la apwouve sa a tankou yon aranjman- sinon, yo pèmèt manje ak bwè sèlman pandan pòz yo)
- Lakòz nenpòt twoub oswa distrè lòt elèv yo
- Ale nan kazye ou oswa kite bilding lan nan tan pòz yo

Ou pral gen jiska 11:59 p.m. Tan lès sou 4triyèm jou nan semèn nan apre tès la fini pou depoze yon plent pou jou tès la. Si ou wè nenpòt ki konpòtman ki lakòz ou enkyete, tanpri notifiye sipèvizè egzamen an, ki pral eksplike kijan pou kontakte College Board la. Èske ou gen nenpòt kesyon?

Si lekòl ou a te kolekte zafè pèsònèl elèv yo, sipèvizè ou pral di:

🔊 Kounye a ou ta dwe remèt tout telefòn yo, oswa nenpòt ki lòt aparèy elektwonik. Si yon moun toujou gen yon aparèy elektwonik nenpòt ki kalite, tanpri dezaktive tout alam yo, fèmen li, epi remèt mwen li kounye a, m ap remèt ou li ankò lè tès la fini.

Si lekòl ou a PA kolekte zafè pèsònèl elèv yo, sipèvizè ou a pral di:

🔊 Nan moman sa a, si ou gen yon telefòn, oswa nenpòt lòt aparèy elektwonik nan men ou, ou dwe dezaktive tout alam yo, fèmen li nèt, epi mete li sou kote anba biwo ou a jiskaske tès la fini. Nenpòt

aparèy elektwonik ki pa fèmen epi mete sou kote kapab konfiske epi sa ki ladan l kapab enspekte jan sa fèt nan yon envestigasyon.

Aprè sa sipèvizè ou pral di:

- 🔊 Kounye a nou pral kòmanse tès la.
- Retire tout bagay sou biwo ou eksepte kreyon ou yo ak kalkilatri yo otorize.
- Si ou te pote yon kalkilatri de rezèv oswa pil anplis, mete yo deyò epi mete yo atè a anba biwo ou.
- Mete nenpòt boutèy dlo ak ti goute anba biwo ou. Fèmen tout sak ak sakado epi mete yo anba biwo ou jiskaske tès la fini.

Lè tout elèv yo pare, sipèvizè ou pral di:

- 🔊 Mwen pral pran yon moman pou fè yon gade pou asire w ap itilize kalkilatri ki otorize yo.

Aprè sa sipèvizè ou pral di:

- 🔊 Ou pa dwe pataje oswa boukante kalkilatri ak pèsòn. Kounye a mete kalkilatri ou anba biwo ou a. Se jis nan yon seksyon ki vini apre w ap bezwen li.

1.2 Pandan Distribisyon Fèy Repons yo

Après yo fin distribye fèy repons yo, sipèvizè ou a pral di:

- 🔊 Sa yo se fèy repons yo ou pral itilize pou make repons ou yo sou tès la. Tanpri tcheke pou asire bon non legal ou ekri sou fèy repons lan. Leve men ou si ou gen yon fèy repons ki pa bon.

Si tout moun fin ranpli ranje obligatwa yo, sipèvizè ou ap sote pati ki di "Pandan Distribisyon Liv Tès la." Si ou menm oswa lòt elèv bezwen ranpli ranje obligatwa yo sou fèy repons la, sipèvizè ou a pral di:

- 🔊 Mete tout non legal ou nan kare 1 an kounye a. Si fèy repons ou an gen yon antèt, tanpri verifye pa ou a gen non legal ou kòrèk. Si ou jwenn nenpòt ki erè, leve men ou epi mwen pral ba ou yon lòt fèy repons pou ranplase li.

Pou kare 2 ak 3, sipèvizè ou pral di:

- 🔊 Chèche kare 2 a. Leve men ou si ou pa nan lekòl sa a, epi mwen pral vin kote w pou ede ou reponn kesyon sa a. Tout lòt moun, ranpli ti wonn lan pou "Wi," apre sa ekri non lekòl nou an, vil, ak eta a. Ou ka kite liy pou peyi a vid. Leve tèt ou lè ou fini.

Nan kare 3 a, ekri kòd 6 chif lekòl nou an_____ epi ranpli ti wonn ki koresponn yo. Leve tèt ou lè ou fini.

Si se lakay ou yo te fè lekòl pou ou, sipèvizè ou a pral di ou ranpli ti wonn nan pou "Non, se lakay mwen te lekòl" epi antre "970000" nan kare 3 a.

Pou kare 4 la, sipèvizè ou a pral di:

- 🔊 Pa make kare 4 la, "Kòd Opsyonèl."

Pou kare 5 la, sipèvizè ou pral di:

- 🔊 Ranpli tout 3 pati yo pou dat nesans ou. Nenpòt ranje ki gen 2 chif dwe kòmanse ak yon 0 si chif la pi piti pase 10. Asire w ke ou mete ti wonn pou premye 2 chif nan ane ou te fèt la. Leve men ou si ou gen nenpòt kesyon.

Pou kare 6-10 yo, sipèvizè ou a pral di:

- 🔊 Ale nan paj 2, epi mete adrès ou nan kare 6 a 9. Kite kare 10 la vid. Leve men ou si ou gen nenpòt kesyon. Leve tèt ou lè ou fini.

Pou kare 12 la, sipèvizè ou pral di:

- 🔊 Ale nan paj 2 (oswa paj 5 nan fèy repons an gwo blòk yo). Ranpli ti wonn nan pou klas aktyèl ou nan kare 12 la.

Pou kare 15 la, sipèvizè ou pral di:

- 🔊 Chèche kare 15 nan paj 3 a (oswa paj 6 nan fèy repons an gwo blòk yo). Make ti wonn ki kòrèk la nan kare 15 la.

Pou kare 23 a, sipèvizè ou a pral di:

- 🔊 Kounye a sote kare 23 a. Nan kare 23, ranpli ti wonn ki make "Nimewo Idantite Elèv la," apre sa enprime epi mete nan ti wonn nan nimewo ID elèv ou a, kòmanse avèk premye kolòn nan bò gòch la. Ou ka jwenn nimewo ID elèv ou an nan anwo kwen agòch antèt la. Si gen lèt nan nimewo ID ou, sote yo epi sèlman antre chif yo. Si ou pa konnen nimewo ID elèv ou, tanpri leve men ou. Leve tèt ou lè ou fini.

1.3 Pandan Distribisyon Liv Tès la

Lè tout elèv yo pare, sipèvizè ou pral di:

- 🔊 Kounye a mwen pral distribye liv tès ou yo. Pa louvri yo jiskaske mwen di w fè sa

Al gade "Eksplikasyon pou Kouvèti Devan an" nan fen seksyon sa a pou yon tradiksyon kouvèti devan an.

Aprè sa sipèvizè ou pral di:

- 🔊 Verifye pou wè si tou de fèy repons lan ak liv tès la se vèsyon SAT a ki sou tablo a - SAT oswa SAT ak Redaksyon.

Lè ou jwenn liv egzamen an, vire li epi li do liv la. Li gen enfòmasyon enpòtan sou lè, fason pou make repons yo, ak nòt.

Aprè sa sipèvizè ou pral di:

- 🔊 Lè ou fini li, tanpri leve tèt ou .

Èske ou gen okenn kesyon sou sa ou fèk li a?

Après tout kesyon yo finn reponn, sipèvizè ou a pral di:

- 🔊 Eksplikasyon ki vin annapre yo kritik pou jan y ap bay nòt pou tès ou a. Si ou pa swiv eksplikasyon mwen yo egzakteman jan m bay yo, yo ka pa ba ou nòt. Tande ak atansyon.

Asire w ke w ap itilize yon kreyon Nimewo 2 epi ou ranpli tout ti wonn yo byen fonce epi ranpli li nèt sou fèy repons lan. Si ou chanje repons ou, efase li nèt. Evite fè nenpòt ki mak , epi pa itilize fèy repons ou kòm fèy bouyon.

Si w ap itilize yon fèy repons an gwo blòk, sipèvizè ou a pral di:

- ☞ Si ou itilize yon fèy repons an gwo blòk, li eksplikasyon yo tou ki sou kouvèti fèy repons lan sou ki kote ak ki fason pou make repons ou an. Ou pral make "X" nan chak kare ki enpòtan olye pou ranpli ti wonn yo, epi nimewo paj yo ap diferan ak sa mwen anonse yo.

Al gade "Eksplikasyon pou Kouvèti Dèyè a" nan fen seksyon sa a pou yon tradiksyon kouvèti dèyè a.

Lè tout elèv yo pare, sipèvizè ou pral di:

- ☞ Nan do liv tèss ou a, ekri siyati ou, prenon ou, ak inisyal dezyèm non ou, si ou gen youn.
Aprè sa a ekri nimewo kòd lekòl sa a, non lekòl la, ak nimewo sal sa a (oswa non an).

Pou pati ki pale de Kòd Fòm nan , sipèvizè ou pral di:

- ☞ Sou do liv tèss ou a, chèche kare ki make "Kòd Fòm 44 la." Kopye lèt yo ak chif yo nan kare 44 nan fèy repons ou an egzakteman jan yo montre li sou do fèy tèss ou a epi ranpli ti wonn yo.

Pou seksyon ID TÈS la, sipèvizè ou pral di:

- ☞ Kounye a chèche kare ki make "ID TÈS 45 la." Kopye nimewo a ki sou fèy repons ou an nan kare 45 la.

Pou seksyon Nimewo Seri Liv Tèss la, sipèvizè ou pral di:

- ☞ Ale nan kouvèti liv tèss la. Jwenn nimewo a anwo nan kwen adwat liv tèss la ki make " Nimewo Seri Liv Tèss la" epi rantrè li nan kare 46 la sou fèy repons ou a. Ranpli ti wonn ki koresponn yo.

Tout elèv yo, sipèvizè ou pral di:

- ☞ Pran yon moman pou asire w ranje ki gen Kòd Fòm nan, ID Tèss la, ak Nimewo Seri Liv Tèss la konplete kòrèkteman. Li enpòtan pou ou antre kòd ki kòrèk yo sou fèy repons ou a. Sinon, ou ka pa fè nèt.

Pou Kòd Sal Tèss la, sipèvizè ou pral di:

- ☞ Nan kare 47 la sou fèy repons ou an, mete kòd 3 chif sal tèss la mwen te afiche pou ou.

OSWA

Pou Kòd Sal Tèss la, sipèvizè ou pral di:

- ☞ Kite kare 47 la vid sou fèy repons ou a.

Sof si w ap pran tèss la ak akomodasyon yo leta dakò, sipèvizè ou a pral di:

- ☞ Kounye a tandè enfòmasyon enpòtan sa a. Si ou vle anile nèt ou anvan ou kite, mande m pou yon dokiman ki rele Demann pou Anile Nèt Tèss la, ou dwe ranpli anvan ou kite sal la. Pou anile nèt ou pita, ou dwe notifiye Komisyon Konsèy College la pa ekri pa pita pase 11:59 p.m. Tan lès sou 4triyèm jou nan semèn nan apati jounen jodi a.

Voye demann anilasyon an pa lapòs menm jou swa a oswa pa faks. Ou pa ka anile nòt ou yo ak yon mesaj imel oswa yon kout fil nan telefòn.

Si ou anile nòt ou yo, yo toujou ap voye yo bay eta a ak distri a epi yo pral aksesib nan lekòl ou a, men yo PA pral voye yo bay kolèj ou chwazi yo oswa òganizasyon pou bousdetid oswa disponib nan sistèm rapò College Board la.

Tout elèv yo, sipèvizè ou pral di:

- ☞ Si ou fini anvan lè a rive, ou ka verifye travay ou nan seksyon sa a, men ou PA dwe ale nan okenn lòt seksyon. Ou ka itilize liv tèl la kòm bouyon, men ou dwe make repons ou yo nan fèy repons ou an amwenske yo te ba ou pèmisyon pou make yo nan liv tèl ou. Apre yo di lè a rive, ou pa dwe transfere repons ou yo ki nan liv tèl ou a nan fèy repons ou an oswa ranpli ti wonn vid yo.

Pandan tèl la, kenbe fèy repons ou an ak liv egzamen an nan sant biwo ou. Si gen yon bagay ki pa bon nan fèy repons oswa nan liv tèl ou a, tankou yon paj ki manke, oswa si ou remake ou te ekri repons yo nan move seksyon an, leve men ou.

Pou fini, ou pa dwe retire fèy repons ak liv tèl yo nan sal tèl la.

Mwen pral mache nan sal la pou tcheke pwogrè ou. Mwen pral tou kenbe tan ofisyèl la pou tèl la. Ou pral gen tan pou pòz pandan tèl la lè sa a w ap ka kite sal la a pou ou gen yon ti goute oswa itilize twalèt la.

Sonje, apre tèl la fini, pesonn pa ka kite sal la jiskaske mwen voye nou ale. Si w gen nenpòt kesyon sou règleman yo pou tèl la, tanpri mande yo kounye a. Mwen pa ka reponn kesyon pandan seksyon tèl la ki kwonometre.

1.3.1 Esplikasyon yo pou Kouvèti Devan an



Sa ki anba a se yon tradiksyon kouvèti liv tèss ou a.

ENPÒTAN POU SONJE

1. Ou dwe itilize yon kreyon No. 2 pou tèss la.
Pa sèvi ak yon kreyon mekanik oswa plim.
2. Pataje nenpòt kesyon ak nenpòt moun
se yon vyolasyon règleman Sekirite ak
Onète Tèss la epi sa ka lakòz rezilta ou
yo anile.

LIV TÈSS SA A PA DWE KITE SAL LA. YO ENTÈDI REPWODIKSYON OSWA ITILIZASYON KÈLKESWA PATI NAN LIV TÈSS SA A SAN OTORIZASYON.

© College Board 2017. College Board ak logo an fòm akòn nan se mak komèsyal College Board la.

1.3.2 Esplikasyon yo pou Kouvèti Dèyè a



Sa ki anba a se yon tradiksyon do liv tè s ou a. Lè yo mande w sa, ou ta dwe ekri nan liv tè s la oswa nan fèy repons lan, men pa nan dokiman ki tradwi a.

NON OU (AN MAJISKIL)


SIYATI	PRENON	DEZYEM PRENON
LEKÒL	NON LEKÒL LA	NIMEWO SAL LA
NIMEWO		

SAT a

EKSPLIKASYON JENERAL

- Ou ka travay sou yon sèl seksyon alafwa.
- Si ou fini yon seksyon anvan lè a fini, verifye travay ou pou seksyon sa a. Ou PA dwe ale nan okenn lòt seksyon.

MAKE REPONS YO

- Asire w ou make fèy repons lan byen.
Repons ki
Byen Make:

- Ou dwe itilize yon kreyon No. 2.
- Ak anpil atansyon make yon sèl repons pou chak kesyon.
- Asire w ou ranpli tout ti wonn nan byen fonsse epi ranpli tout nèt.
- Pa fè okenn lòt mak sou fèy repons lan.
- Si w ap efase, efase nèt. Si ou pa fin efase yon bagay nèt yo kapab ba li nèt tankou se yon repons ou chwazi.
- Itilize sèlman ranje pou repons yo ki koresponn ak nimewo kesyon yo.

SÈVI AK TÈKS LIV OU A

- Ou ka itilize liv tè s la pou travay sou bouyon, men ou pap jwenn kredi pou okenn bagay ou ekri nan liv tè s ou a.
- Apre yo di lè a rive, ou pa dwe transfere repons yo ki nan liv tè s la sou fèy repons ou a oswa ranpli ti wonn yo.
- Ou pa dwe pliye oswa retire paj yo oswa mòso nan yon paj nan liv sa a, oswa retire liv la oswa fèy repons la nan sal tè s la.

NÒT

- Pou chak repons kòrèk, ou resevwa yon pwèn.
- Ou pa pèdi pwèn pou repons ki pa bon; se poutèt sa, ou ta dwe eseye reponn chak kesyon menm si ou pa sèten si repons la kòrèk.

Lide ki nan pasaj pou tè s sa a, kèk nan yo se ekstrè oswa adaptasyon materyèl ki pibliye, yo pa nesèman reprezante opinyon College Board la.

PA OUVRI LIV SA A JISKASKE SIPÈVIZÈ A DI OU FÈ SA.


ENPÒTAN

Kòd ki anba yo inik a liv tè s ou a. Kopye yo sou fèy repons ou an nan kare 44 ak 45 yo epi ranpli ti wonn ki koresponn yo egzakteman jan ou wè yo montre ou a.

44 Form Code									
A	B	C	D	1	2	3			
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>

45 Test ID						
1	2	3	4	5	6	7

1.4 Seksyon 1: Tès Lekti

 *Tan estanda pou Seksyon 1 an se **65 minit**, ak yon **10 minit tan pòz** nan fen seksyon. Si w ap pran tès la ak yon aranjman apwouve, tan ak pòz ou yo ka diferan. Tanpri koute ak anpil atansyon anons yo sipèvizè ou ap li.*

Yon tradiksyon eksplikasyon yo pou liv tès la parèt touswit apre eksplikasyon tradwi yo ki li nan bouch la.

Lè tout elèv yo pare, sipèvizè ou pral di:

🔊 Yon fwa nou kòmanse, ou pral gen 65 minit pou travay sou Seksyon 1, Tès Lekti a. Nou pral pran yon pòz kout 5 minit lè seksyon sa a fini. Tanpri mete kalkilatris ou atè anba biwo ou; ou pa pral bezwen li pou seksyon sa a.

Asire w ap itilize yon kreyon Nimewo 2 epi ou ranpli tout ti wonn nan byen fonsè. Si ou chanje repons ou, efase li nèt. Si ou fini anvan lè a rive, ou ka verifye travay ou nan seksyon sa a, men ou PA dwe ale nan okenn lòt seksyon.

Sonje y ap ba ou pwèn pou repons kòrèk yo, men ou pa pèdi pwèn pou repons ki pa kòrèk. Sa vle di ou ta dwe eseye reponn chak kesyon, menm si ou pa sèten si repons la kòrèk.

Chèche Seksyon 1 nan fèy repons ou yo. Asire ou ke ou make repons ou yo nan espas ki nimewote ki koresponn ak kesyon yo ki gen menm nimewo a nan Seksyon 1 an. Kounye a, ouvri liv tès ou a nan Seksyon 1 an, li enstriksyon yo, epi kòmanse travay. Nou kòmanse kounye a. Bòn chans.

Aprè 30 minit, sipèvizè ou pral di:

🔊 Ou gen 35 minit ki rete nan seksyon sa a.

Aprè 60 minit, sipèvizè ou pral di:

🔊 Ou gen 5 minit ki rete nan seksyon sa a.

Aprè egzakteman 65 minit, sipèvizè ou ap di:

🔊 Sispann travay epi depoze kreyon ou desann. Fèmen fèy repons ou a epi mete li anndan devan liv tès ou a. Fèmen liv tès ou, epi kite li sou biwo ou a. Kounye a n ap pran yon pòz pou 10 minit

Si ou te pote yon ti goute, ou ka manje l kote yo mete pou moun manje sèlman. Pa ale okenn lòt kote pase kote yo ba ou la, koulwa a, oswa twalèt la. Pa pale nan koulwa a oswa diskite kesyon yo avèk nenpòt moun. Panse ak moun ki nan lòt sal yo.

Nou pral kòmanse pran tès la ankò nan egzakteman 10 minit.

Si lekòl ou a PA kolekte bagay pèsonèl elèv yo, sipèvizè ou a pral di:

🔊 Ou pa dwe itilize yon telefòn oswa nenpòt lòt aparèy elektwonik pandan pòz sa a oswa pandan nenpòt lòt pòz pandan tès la. Tout telefòn oswa lòt aparèy dwe rete fèmen epi mete yo sou kote anba biwo ou a.

1.4.1 Pandan Pòz la

Alafen pòz la, sipèvizè ou a pral di :

🔊 Tanpri pran plas ou.

1.4.2 Eksplikasyon yo pou Seksyon 1 Liv Tès la

📖 *Sa ki anba la a se yon tradiksyon eksplikasyon yo ou te jwenn nan kòmansman Seksyon 1 nan liv tès ou a.*

65 MINIT, 52 KESYON (TAN ESTANDA)

Ale nan Seksyon 1 nan fèy repons ou pou reponn kesyon yo ki nan seksyon sa a.

EKSPLIKASYON

Chak pasaj oswa de pasaj ansanm ki anba yo gen yon kantite kesyon ki vin apre . Apre ou fin li chak pasaj oswa de pasaj ansanm, chwazi repons ki pi bon pou chak kesyon baze sou sa ki endike oswa sa yo vle di nan pasaj la oswa pasaj yo ak nenpòt desen ki akonpaye yo (tankou yon tab oswa graf).

1.4.3 Deklarasyon Sètifikasyon

Lè tout elèv yo pare, sipèvizè ou pral di:

🔊 Lè ou remèt fèy repons ou a, ou dakò ou pa pral, nan okenn sikonstans, soti ak okenn kesyon tès yo nan sal tès la, pataje yo ak nenpòt moun, oswa diskite yo ak nenpòt moun pa nenpòt ki mwayen, landan yo men ka gen lòt mwayen tankou, imèl, tèks mesaj, oswa entènèt la. Kondisyon sa yo te ekri nan Jounen SAT Gid pou Elèv ak sou entènèt nan sat.org.

Retire fèy repons ou an, men kite liv tès ou a fèmen. Ale nan paj dèyè fèy repons lan, epi chèche kare 48 la, Deklarasyon Sètifikasyon an. Apre ou fin li paragaf la sou règleman yo nan pati anba a, kopye deklarasyon jan ou konn ekri alamen - li ok pou ekri an lèt detache oswa ak lèt kole yonn ak lòt. Apre sa , siyen tout non ou jan ou ta fè l nan yon dokiman ofisyèl. Tou kole siyati ou, mete dat jodia. Leve tèt ou lè ou fini.

📖 *Sa ki anba la a se yon tradiksyon Deklarasyon Sètifikasyon an nan kare 48 la nan fèy repons ou a. Kopye deklarasyon an nan lang Angle, pa kopye tradiksyon an yo bay la a.*

Jodi a, mwen franchi yon pa sou wout pou mwen ale nan kolèj. Mwen konfime mwen se moun nan non li ekri nan fèy repons lan epi mwen pran angajman pou swiv politik sekirite ak jistis tès la jan sa dekri nan gid yo pou egzamen an.

1.5 Seksyon 2: Tès Redaksyon ak Langaj

⚠️ *Tan estanda pou Seksyon 2 a se **35 minit** . Si w ap pran tès la ak yon aranjman apwouve, tan ak pòz ou yo ka diferan. Tanpri koute ak anpil atansyon anons yo sipèvizè ou a ap li.*

Yon tradiksyon eksplikasyon yo pou liv tès la parèt touswit apre eksplikasyon tradwi yo ki li nan bouch la.

Lè tout elèv yo pare, sipèvizè ou pral di:

- 🔊 Yon fwa nou kòmanse, ou pral gen 35 minit pou travay nan Seksyon 2, Tès Ekriti ak Lang. Si ou fini anvan lè a rive, ou ka verifye travay ou nan seksyon sa a, men ou PA dwe ale nan okenn lòt seksyon. Tanpri mete kalkilatris ou atè anba biwo ou; ou pa pral bezwen li pou seksyon sa a.

Kenbe fèy repons ou ak liv tès ou a plat sou biwo ou.

Kounye a chèche Seksyon 2 nan fèy repons ou yo. Asire w ou make repons ou yo nan espas yo ki gen nimewo ki koresponn ak kesyon yo ki gen menm nimewo a nan Seksyon 2 la. Louvri liv tès ou a nan Seksyon 2, li esplikasyon yo, epi kòmanse travay. Nou kòmanse kounye a.

Aprè 15 minit, sipèvizè ou a pral di:

- 🔊 Ou gen 20 minit ki rete nan seksyon sa a.

Aprè 30 minit, sipèvizè ou pral di:

- 🔊 Ou gen 5 minit ki rete nan seksyon sa a.

Aprè egzakteman 35 minit, sipèvizè ou ap di:

- 🔊 Sispann travay epi mete kreyon ou desann.

Mete fèy repons ou nan paj ki nan liv tès ou a kote ou te kanpe travay la. Fèmen liv tès ou an.

1.5.1 Eksplikasyon yo pou Seksyon 2 nan Liv Tès la



Sa ki anba la a se yon tradiksyon eksplikasyon yo ou te jwenn nan kòmansman Seksyon 2 nan liv tès ou a.

35 minit, 44 KESYON (TAN ESTANDA)

Ale nan Seksyon 2 nan fèy repons ou pou reponn kesyon ki nan seksyon sa a.

EKSPLIKASYON

Chak pasaj ki anba a gen yon kantite kesyon ki vin avèk li. Pou kèk kesyon, ou pral konsidere ki jan pasaj la ta ka revize pou amelyore ekspresyon lide yo. Pou lòt kesyon yo, ou pral konsidere ki jan pasaj la ta ka modifiye pou korije erè nan estrikti fraz, itilizasyon, oswa ponktiyasyon. Yon pasaj oswa yon kesyon ka gen youn oswa plis grafik ki mache avè l (tankou yon tab oswa graf) ke ou pral konsidere pandan w ap pran desizyon pou revize epi modifiye yo.

Kèk kesyon pral voye ou nan yon pòsyon ki souliye nan yon pasaj. Lòt kesyon yo pral voye ou nan yon pati nan yon pasaj oswa mande ou pou panse sou tout pasaj la.

Aprè ou fin li chak pasaj, chwazi repons pou chak kesyon ki pi sanble li ka amelyore ak efikasite kalite jan pasaj la ekri oswa ki fè pasaj la konfòm ak konvansyon estanda Angle ekri. Anpil kesyon gen ladan yo yon opsyon "PA CHANJE". Chwazi opsyon sa a si ou panse pi bon chwa a se kite pòsyon ki enpòtan nan pasaj la jan li ye a.

1.6 Seksyon 3: Tès Matematik - San Kalkilatis



Tan estanda a pou Seksyon 3 a **se 25 minit** ak yon **pòz 5 minit** alafen seksyon an. Si w ap pran tès la ak yon aranjman apwouve, tan ak pòz ou yo ka diferan. Tanpri koute ak anpil atansyon anons yo sipèvizè ou a ap li.

Yon tradiksyon eksplikasyon yo pou liv tès la parèt touswit apre eksplikasyon tradwi yo ki li nan bouch la.

Lè tout elèv yo pare, sipèvizè ou pral di:

- Yon fwa nou kòmanse, ou pral gen 25 minit pou travay sou Seksyon 3 a, Tès Matematik san Kalkilatis la. Nou pral pran yon pòz tou kout lè seksyon sa a fini.

Malgre se yon seksyon matematik, ou PA kapab sèvi ak yon kalkilatis pou pati sa a nan tès la epi ou dwe kenbe kalkilatis ou anba biwo ou sof si ou gen yon aranjman apwouve pou sèvi ak yon kalkilatis ak 4 fonksyon.

Esplikasyon yo sou kijan pou mete repons ou a pou kesyon yo ki make "Repons Elèv yo Bay yo" nan liv tès ou a. Repons yo elèv yo bay la ka pi kout, men pa pi long pase kat karaktè. Asire w ou make repons ou yo nan espas yo ki nimewote ki koresponn ak kesyon yo ki gen menm nimewo a nan Seksyon 3 a.

Si ou fini anvan lè a rive, ou ka verifye travay ou nan seksyon sa a, men ou PA dwe ale nan okenn lòt seksyon.

Kounye a, ouvri liv tès ou a epi mete fèy repons ou a deyò. Kenbe fèy repons ou ak liv tès ou a plat sou biwo ou. Chèche Seksyon 3 nan fèy repons ou yo. Kounye a ale nan Seksyon 3 nan liv tès ou a, li eksplikasyon yo, epi kòmanse travay. Nou kòmanse kounye a.

Aprè 10 minit, sipèvizè ou pral di:

- Ou gen 15 minit ki rete nan seksyon sa a.

Aprè 20 minit, sipèvizè ou pral di:

- Ou gen 5 minit ki rete nan seksyon sa a.

Aprè egzakteman 25 minit, sipèvizè ou ap di:

- Sispann travay epi depoze kreyon ou.


Mete fèy repons ou an nan paj ki nan liv tès ou a ou kote ou te kanpe travay la. Fèmen liv tès ou, epi kite li sou biwo ou. Nou pral pran yon pòz 5 minit. Si ou te pote yon ti goute, ou ka manje l nan espas kote yo mete pou moun manje sèlman. Jan nou te di sa, pa ale okenn lòt kote pase kote yo ba ou a, koulwa a, oswa twalèt la. Pa pale nan koulwa a oswa diskite kesyon yo avèk nenpòt moun. Nou pral kòmanse pran tès la ankò nan egzakteman 5 minit.

1.6.1 Pandan Pòz la.

Alafen pòz la, sipèvizè ou a pral di:

- Tanpri pran plas ou.

1.6.2 Eksplikasyon yo pou Seksyon 3 Liv Tès la

 Sa ki anba la a se yon tradiksyon eksplikasyon yo ou te jwenn nan kòmansman an nan Seksyon 3 nan liv tès ou.

25 MINIT, 20 KESYON (TAN ESTANDA)

Ale nan Seksyon 3 nan fèy repons ou pou reponn kesyon ki nan seksyon sa a.


EKSPLIKASYON

Pou kesyon 1-15, rezoud chak pwoblèm, chwazi repons ki pi bon nan chwa yo te bay la, epi ranpli ti wonn ki koresponn lan sou fèy repons lan. **Pou kesyon 16-20**, rezoud pwoblèm nan epi antre repons ou nan griy la sou fèy repons lan. Tanpri, al gade nan eksplikasyon yo anvan kesyon 16 la sou kijan pou antre repons ou yo nan griy la. Ou ka itilize nenpòt espas ki vid nan ti liv tès ou a kòm bouyon.

NÒT


1. Yo pa pèmèt ou itilize yon kalkilatris.
2. Tout varyab ak ekspresyon yo itilize reprezante nonm reyèl sof si nou endike yon lòt bagay.
3. Desen yo bay nan tès sa a trase sou echèl sof si nou endike yon lòt bagay.
4. Tout desen yo fèt sou yon plan sòf si nou endike yon lòt bagay
5. Sòf si nou endike yon lòt bagay, domèn yon fonksyon f se ansanm tout nonm reyèl yo x kote $f(x)$ se yon nonm reyèl.

REFERANS




$$A = \pi r^2$$


$$C = 2\pi r$$





$$A = \ell w$$




$$A = \frac{1}{2}bh$$




$$c^2 = a^2 + b^2$$



Triyang Rektang Espesyal



$$V = \ell wh$$



$$V = \pi r^2 h$$



$$V = \frac{4}{3}\pi r^3$$



$$V = \frac{1}{3}\pi r^2 h$$



$$V = \frac{1}{3}\ell wh$$

Kantite degre ak nan yon sèk se 360.

Kantite radyan ak nan yon sèk se 2π .


Sòm mezi degre ang yon triyang se 180 degre.

EKSPLIKASYON

Pou kesyon 16-20, rezoud pwoblèm nan epi antre repons ou nan griy la, jan sa dekri anba a, sou fèy repons lan.

1. Menm si sa pa obligatwa, yo sijere ou ekri repons ou an nan kare yo ki soutèt kolòn yo pou ede w ranpli ti wonn yo byen. Ou pral resevwa kredi sèlman si ti wonn yo byen ranpli.
2. Pa make plis pase yon sèl wonn nan nenpòt kolòn.
3. Pa gen kesyon ki gen yon repons negatif.
4. Kèk pwoblèm ka gen plis pase yon repons ki kòrèk. Nan ka sa yo, chwazi sèlman yon sèl repons nan griy la.

5. **Pou chif miks yo** tankou $3\frac{1}{2}$ ou dwe rantre yo



nan griy la tankou 3.5 oswa 7/2. (Si yo antre nan griy la, yo pral entèprete tankou se $\frac{31}{2}$, men pa tankou $3\frac{1}{2}$.)

6. **Repons desimal yo:** Si ou jwenn yon repons desimal ki gen plis chif pase griy la ka pran, li ka swa awondi oswa koupe, men li dwe ranpli tout griy la.

Repons: $\frac{7}{12}$

Ekri repons nan bwat yo. →

	7	/	1	2	
	●	○	○	○	
	○	○	○	○	
○	○	○	○	○	
○	○	○	○	○	
○	○	○	○	○	
○	○	○	○	○	
○	○	○	○	○	
○	○	○	○	○	
○	○	○	○	○	
○	○	○	○	○	

← Fraksyon

Mete Resilta a nan Griy la.

Repons: 2.5

← Pwen desimal

	2	.	5	
	○	○	○	○
	○	○	○	○
○	○	○	○	○
○	○	○	○	○
○	○	○	○	○
○	○	○	○	○
○	○	○	○	○
○	○	○	○	○
○	○	○	○	○
○	○	○	○	○

Bon fason pou mete $\frac{2}{3}$ nan griy la se:

	2	/	3	
	○	○	○	○
	○	○	○	○
○	○	○	○	○
○	○	○	○	○
○	○	○	○	○
○	○	○	○	○
○	○	○	○	○
○	○	○	○	○
○	○	○	○	○
○	○	○	○	○

	.	6	6	6	
	○	○	○	○	○
	○	○	○	○	○
○	○	○	○	○	○
○	○	○	○	○	○
○	○	○	○	○	○
○	○	○	○	○	○
○	○	○	○	○	○
○	○	○	○	○	○
○	○	○	○	○	○
○	○	○	○	○	○

	.	6	6	7	
	○	○	○	○	○
	○	○	○	○	○
○	○	○	○	○	○
○	○	○	○	○	○
○	○	○	○	○	○
○	○	○	○	○	○
○	○	○	○	○	○
○	○	○	○	○	○
○	○	○	○	○	○
○	○	○	○	○	○

Repons: 201 - kèlkeswa pozisyon an kòrèk

	2	0	1	
	○	○	○	○
	○	○	○	○
○	○	○	○	○
○	○	○	○	○
○	○	○	○	○
○	○	○	○	○
○	○	○	○	○
○	○	○	○	○
○	○	○	○	○
○	○	○	○	○

	2	0	1	
	○	○	○	○
	○	○	○	○
○	○	○	○	○
○	○	○	○	○
○	○	○	○	○
○	○	○	○	○
○	○	○	○	○
○	○	○	○	○
○	○	○	○	○
○	○	○	○	○

NÒT: Ou ka kòmanse repons ou yo nan nenpòt kolòn, depi gen plas. Kolòn ou pa itilize yo ta dwe rete vid.

1.7 Seksyon 4: Tès Matematik- Ak Kalkilatis



*Tan estanda pou Seksyon 4 la se **55 minit**. Si w ap pran tès la ak yon aranjman apwouve, tan ak pòz ou yo ka diferan. Tanpri koute ak anpil atansyon anons yo sipèvizè ou ap li.*

Yon tradiksyon eksplikasyon yo pou liv tès la parèt touswit apre eksplikasyon tradwi yo ki li nan bouch la.

Lè tout elèv yo pare, sipèvizè ou pral di:

🔊 Yon fwa nou kòmanse, ou pral gen 55 minit pou travay nan Seksyon 4, Tès Matematik- Ak Kalkilatis.

Ou kapab sèvi ak yon kalkilatis pou seksyon sa a. Tanpri mete kalkilatis ou deyò epi mete l nan mitan biwo ou a.

Lè w ap itilize yon kalkilatis, swiv gid sa yo:

- Kenbe li plat sou biwo ou oswa kenbe li pou lòt elèv pa ka wè travay ou.
- Pa pataje oswa boukante kalkilatis ou.
- Si ou te pote yon kalkilatis de rezèv oswa pil anplis, kite yo atè a anba biwo ou.
- Si kalkilatis ou gen pwoblèm epi ou gen batri oswa yon kalkilatis de rezèv, leve men ou. Mwen pral wè si sa ou pote de rezèv la akseptab. Si ou pa gen de rezèv, kontinye tès la. Tout kesyon matematik yo kapab reponn san yon kalkilatis.

Eksplikasyon yo sou kijan pou mete repons ou a pou kesyon yo ki make "Repons Elèv yo Bay yo" nan liv tès ou a. Repons yo elèv yo bay la kapab pi kout, men pa pi long, pase kat karaktè. Asire w ou make repons ou yo nan espas yo ki nimewote a ki koresponn ak kesyon yo ki gen menm nimewo a nan Seksyon 4 la.

Si ou fini anvan lè a rive, ou ka verifye travay ou nan seksyon sa a, men ou PA dwe ale nan okenn lòt seksyon.

Kounye a, ouvri liv tès ou a epi mete fèy repons ou a deyò. Kenbe fèy repons ou ak liv tès ou a plat sou biwo ou. Chèche Seksyon 4 nan fèy repons ou yo. Ale nan Seksyon 4 nan liv tès ou a, li eksplikasyon yo, epi kòmanse travay. Nou kòmanse kounye a.

Aprè 25 minit, sipèvizè ou a pral di:

🔊 Ou gen 30 minit ki rete nan seksyon sa a.


Aprè 50 minit, sipèvizè ou pral di:

🔊 Ou gen 5 minit ki rete nan seksyon sa a.

Aprè egzakteman 55 minit, sipèvizè ou pral di:

🔊 Sispann travay epi mete kreyon ou desann. Fèmen liv tès la ak fèy repons lan. Mete fèy repons ou an akote liv tès ou a.

1.7.1 Eksplikasyon yo pou Seksyon 4 Liv Tès la

 Sa ki anba la a se yon tradiksyon eksplikasyon yo te bay nan kòmansman an nan Seksyon 4 nan liv tès ou a.

55 MINIT, 38 KESYON (TAN ESTANDA)

Ale nan Seksyon 4 nan fèy repons ou pou reponn kesyon ki nan seksyon sa a.


EKSPLIKASYON

Pou kesyon 1-30, rezoud chak pwoblèm, chwazi repons ki pi bon nan chwa yo bay la, epi ranpli ti wonn ki koresponn lan sou fèy repons lan. **Pou kesyon 31-38**, rezoud pwoblèm lan epi antre repons ou nan griy la sou fèy repons lan. Tanpri ale nan eksplikasyon yo anvan kesyon 22 sou fason pou mete repons ou yo nan griy la. Ou ka itilize nenpòt espas ki vid nan ti liv tès ou a kòm bouyon.

NÒT


1. Yo pèmèt ou itilize yon kalkilatris.
2. Tout varyab ak ekspresyon yo itilize reprezante nonm reyèl sof si nou endike yon lòt bagay.
3. Desen yo bay nan tès sa a trase sou echèl sof si nou endike yon lòt bagay.
4. Tout desen yo fèt sou yon plan sòf si nou endike yon lòt bagay
5. Sòf si nou endike yon lòt bagay, domèn yon fonksyon f se ansanm tout nonm reyèl yo x kote $f(x)$ se yon nonm reyèl.

REFERANS




$$A = \pi r^2$$


$$C = 2\pi r$$




$$A = \ell w$$





$$A = \frac{1}{2}bh$$




$$c^2 = a^2 + b^2$$



Triyang Rektang Espesyal



$$V = \ell wh$$



$$V = \pi r^2 h$$



$$V = \frac{4}{3}\pi r^3$$



$$V = \frac{1}{3}\pi r^2 h$$



$$V = \frac{1}{3}\ell wh$$

Kantite degre ak nan yon sèk se 360.

Kantite radyan ak nan yon sèk se 2π .


Sòm mezi degre ang yon triyang se 180 degre.

EKSPLIKASYON

Pou kesyon 31-38, rezoud pwoblèm lan epi antre repons ou nan griy la, jan yo dekri sa a anba a, sou fèy repons lan.

1. Menm si sa pa obligatwa, yo sijere ou ekri repons ou an nan kare yo ki soutèt kolòn yo pou ede w ranpli ti wonn yo byen. Ou pral resevwa kredi sèlman si ti wonn yo byen ranpli.
2. Pa make plis pase yon sèl wonn nan nenpòt kolòn.
3. Pa gen kesyon ki gen yon repons negatif.
4. Kèk pwoblèm ka gen plis pase yon repons ki kòrèk. Nan ka sa yo, chwazi sèlman yon sèl repons nan griy la.

5. **Chif miks** tankou $3\frac{1}{2}$ dwe mete nan griy la kòm



3.5 oswa $7/2$. (Si

yo antre nan griy la, yo pral entèprete tankou $\frac{31}{2}$, men pa tankou $3\frac{1}{2}$.)

6. **Repons desimal yo:** Si ou jwenn yon repons desimal ki gen plis chif pase griy la ka pran, li ka swa awondi oswa koupe, men li dwe ranpli tout griy la.

Repons: $\frac{7}{12}$

Ekri repons nan bwat yo. →

7	/	1	2
●	●	●	●
0	0	0	0
1	1	●	1
2	2	2	●
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
●	7	7	7
8	8	8	8
9	9	9	9

← Fraksyon

Mete Resilta a nan Griy la.

Repons: 2.5

← Pwen desimal

	2	.	5
●	●	●	●
0	0	0	0
1	1	1	1
2	●	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	●
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8
9	9	9	9

Bon fason pou mete $2/3$ nan griy la se:

	2	/	3
●	●	●	●
0	0	0	0
1	1	1	1
2	●	2	2
3	3	3	●
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7

.	6	6	6
●	●	●	●
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	●	●	●
7	7	7	7

.	6	6	7
●	●	●	●
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	●	●	●
7	7	7	●

Repons: 201 - kèlkeswa pozisyon an kòrèk

	2	0	1
●	●	●	●
0	●	0	0
1	1	1	●
2	●	2	2
3	3	3	3

	2	0	1
●	●	●	●
0	●	0	0
1	1	●	1
2	●	2	2
3	3	3	3

NÒT: Ou ka kòmanse repons ou yo nan nenpòt kolòn, depi gen plas. Kolòn ou pa itilize yo ta dwe rete vid.

1.7.2 Pandan Pòz la

Si ou pap pran Redaksyon ak SAT a, sipèvizè ou a pral janbe nan "Aprè Tès la".

Pou elèv k ap pran SAT ak Redaksyon, sipèvizè ou a pral di:

- ☞ Mete kalkilatris ou anba biwo ou. N ap pran yon pòz pou detann nou pou 2 minit. Ou pa ka kite sal la oswa diskite kesyon nan tès la.

Alafen pòz la, sipèvizè ou a pral di :

- ☞ Tanpri pran plas ou. Kounye a mwen pral kolekte liv tès ou yo. Wap bezwen kenbe fèy repons ou a pou seksyon Redaksyon nan tès la. Tanpri chita san fè bri pandan m ap kolekte epi konte liv tès yo.

1.8 Seksyon 5: Redaksyon SAT



*Tan estanda pou Seksyon 5 la se **50 minit** . Si w ap pran tès la ak yon aranjman apwouve, tan ak pòz ou yo ka diferan. Tanpri koute ak anpil atansyon anons yo sipèvizè ou ap li.*

Yon tradiksyon deklarasyon sou itilizasyon redaksyon ou (sou fèy repons lan) ak esplikasyon yo pou liv Redaksyon an parèt apre eksplikasyon tradwi ki bay nan bouch la.

Pou elèv ki ap pran SAT ak Redaksyon, sipèvizè ou ap di:

- ☞ Koulye a, ouvri fèy repons ou a nan kòmansman Seksyon 5 nan paj 6 la (oswa paj 34 nan fèy repons an gwo blòk la). Tanpri, pran yon ti moman pou li deklarasyon sou itilizasyon redaksyon ou, apre sa wa deside si ou kapab ou non make ti wonn lan (oswa kare a). Lè ou fini, tanpri leve tèt ou .

Mwen pral kounye a bay nou chak yon liv redaksyon. Tanpri pa louvri liv redaksyon ou jiskaske mwen di ou fè sa.

Lè tout elèv gen yon Liv Redaksyon, sipèvizè ou ap pral di:

- ☞ Sou do liv Redaksyon ou a, enkri siyati ou, non ou, ak inisyal dezyèm non ou, si ou gen youn. Kounye a enprime nimewo kòd lekòl sa a, _____ non lekòl la _____, ak nimewo sal sa a (oswa non) _____.

Yon fwa nou kòmanse, ou pral gen 50 minit pou travay nan Seksyon 5, Redaksyon SAT a. Ou ka pran nòt epi planifye redaksyon ou nan Paj Planifikasyon ki pa gen liy nan, men yo pa pral ba ou nòt pou okenn sa ou ekri nan paj la. Lè ou pare, ou pral bezwen kòmanse ekri redaksyon ou nan premye paj ki gen liy nan, ki di "Kòmanse Redaksyon ou a La." Ou dwe ekri redaksyon ou sou paj fèy repons ki apwopriye yo epi nan liy yo make yo. Pa kontinye ekri apre kote ki ekri "STOP" la sou dènye liy nan paj la, paske tout sa ki ekri apre pati sa a pap jwenn nòt. Ou pa otorize pou gen okenn paj an plis. Ou dwe ekri redaksyon ou avèk yon kreyon Nimewo 2. Si ou pa itilize yon kreyon Nimewo 2, redaksyon ou a ap parèt vid. Si ou kite redaksyon an vid, ou pral resevwa yon nòt 0 pou Redaksyon.

Aprè tout kesyon yo finn reponn, sipèvizè ou a pral di:

- ☞ Li esplikasyon yo sou kouvèti liv Redaksyon ou a, epi ouvri liv Redaksyon ou a epi kòmanse travay. Nou kòmanse kounye a.

Aprè 25 minit, sipèvizè ou a pral di:

- 🔊 Ou gen 25 minit ki rete nan seksyon sa a.


Aprè 45 minit, sipèvizè ou pral di:

- 🔊 Ou gen 5 minit ki rete nan seksyon sa a.

Aprè egzakteman 50 minit, sipèvizè ou ap di:


- 🔊 Sispann travay epi mete kreyon ou desann. Fèmen fèy repons ou ak liv Redaksyon ou. Mete fèy repons ou an akote liv Redaksyon ou.

1.8.1 Deklarasyon Konsènan Fèy Repons la

 Sa ki anba la a se yon tradiksyon deklarasyon sou itilizasyon redaksyon ou nan Paj Planifikasyon am sou fèy repons ou an.

Mwen konprann ke redaksyon mwen an (san non mwen) ka repwodi nan lòt materyèl College Board yo. Si mwen make oval sa a, mwen pa bay pèmasyon mwen pou repwodi redaksyon mwen an pou nenpòt ki rezon apa pou rapò sou nòt yo epi pou evalyasyon konpetans ekriti mwen. Make oval sa a pa pral gen okenn konsekans sou nòt mwen yo, ni tou li pa pral anpeche redaksyon mwen an disponib pou nenpòt kolèj mwen voye nòt SAT mwen yo.

1.8.2 Eksplikasyon yo pou Seksyon 5 Liv Redaksyon an

 Sa ki anba la a se yon tradiksyon nan direksyon yo te jwenn sou kouvèti a devan nan liv Redaksyon ou.

Redaksyon an ba ou yon opòtinite pou montre ki jan ou kapab li epi konprann yon pasaj ak efikasite epi ekri yon redaksyon pou analize pasaj la. Nan redaksyon ou a, ou ta dwe demontre ke ou te li pasaj la ak anpil atansyon, prezante yon analiz klè ak lojik, epi sèvi ak yon langaj ak presizyon.

Ou gen 50 minit pou li pasaj la epi ekri yon redaksyon pou reponn a sa yo bay andedan ti liv sa a.

2 Apre Tès la

Tout elèv yo, sipèvizè ou pral di:

- 🔊 Konpliman-ou fèk fini tès la! Anvan mwen kolekte materyèl tès ou yo, tanpri vire fèy repons ou an epi tcheke ou te ranpli kòd fòm lan nan kare 44 la. Kòd fòm sa a nesè pou bay tès ou a nòt. Tanpri leve men ou si ou bezwen èd ranpli kare a.

Aprè sa sipèvizè ou pral di:

- 🔊 Mwen pral kounye a kolekte materyèl tès ou yo. Tanpri chita tou dousman jiskaske mwen di nou ale.

2.1 Pandan y ap Konplete Fèy Repons la

Si ou fin ranpli enfòmasyon pèsònèl sou fèy repons ou an, sipèvizè ou a pral kolekte fèy repons ou an epi ale nan "Anvan Ranvwa Elèv la."

Si ou pa fin ranpli enfòmasyon pèsònèl sou fèy repons ou an, sipèvizè ou a ka mande w pou w chita tou dousman pandan ke lòt elèv yo prale.

Lè ou prè, sipèvizè ou pral di:

- ☞ Kòm yon pati nan Jounen SAT a , ou pral gen yon chans pou w reponn kèk kesyon pèsònèl ak plan ou yo pou kolèj, epi pou chwazi 4 kote oswa pwogram pou voye nòt ou yo.

Pou kare 11 la, sipèvizè ou pral di :

- ☞ Kare 11 mande pou nimewo telefòn selilè ou nan U.S. Se sèlman nimewo telefòn selilè nan U.S. yo aksepte. Lè ou bay nimewo ou a, ou dakò pou resevwa tèks mesaj College Board la ap voye sou SAT, pou patisipe nan sondaj rechèch yo, epi pou resevwa enfòmasyon gratis sou sèvis planifikasyon yo pou kolèj. Y ap aplike pri estanda pou tèks mesaj. Ou ka pa aksepte nenpòt ki lè. College Board la pap pataje nimewo telefòn ou avèk lòt òganizasyon.

Si ou dakò ak règleman sa yo, antre nimewo telefòn ou. Tanpri leve tèt ou lè ou fini.

Pou kare 13 la, sipèvizè ou pral di:

- ☞ Ale nan paj 3. Si ou ta renmen resevwa enfòmasyon College Board la pa imèl, ki gen ladan enfòmasyon sou nòt ou lè yo vin disponib sou entènèt, ekri adrès imèl ou an epi ranpli ti wonn yo ki koresponn nan kare 13 la. Endike nan tèt kare la si wi ou non se adrès imèl ou a oswa adrès yon paran oswa gadyen legal la. Si ou bay pwòp adrès imel ou (pa imèl paran oswa gadyen legal la) epi patisipe nan Student Search Service la alafen sesyon sa a, ou ka jwenn enfòmasyon sou kolèj yo voye nan adrès imèl ou. Mwen pral ba ou plis enfòmasyon sou Sèvis Rechèch Elèv (Student Search Service) nan kèk minit. Tanpri leve tèt ou lè ou fini.

Pou kare 14 la, sipèvizè ou pral di:

- ☞ Nan kare 14 la, ranpli ti wonn nan pou mwa a ou espere gradye nan lekòl segondè. Apre sa a ekri 2 chif yo pou ane gradyasyon ou a nan kare yo epi ranpli wonn yo ki koresponn nan.

Sipèvizè w la ap mande w pou ou itilize Enstriksyon yo pou Fèy Repons Elèv yo pou reponn rès enfòmasyon pèsònèl ki sou fèy repons ou a. Lè tout moun fini, sipèvizè ou a pral kolekte fèy repons ou a epi l ap kontinye ak "Anvan Ranvwa Elèv yo."

2.2 Anvan Ranvwa Elèv yo

Lè yo fin ranmase tout materyèl elèv yo, sipèvizè ou pral di:

- ☞ Sonje byen, ou pa ta dwe, nan nenpòt sikonstans, retire nenpòt kesyon tès nan sal tès la, bay nenpòt ki moun, oswa diskite sou yo ak nenpòt moun pa nenpòt mwayen, ki gen ladan imèl, mesaj tèks, oswa entènèt la.

Si ou nan SAT nan sal Redaksyon an, sipèvizè ou ap di:

- ☞ Anplis de sa, ou pa otorize pou diskite osinon pataje kesyon redaksyon jodia jiskaske redaksyon an disponib sou entènèt la.

Si lekòl ou a te kolekte zafè pèsònèl elèv yo, sipèvizè ou a pral di:

- 🔊 Administrasyon tè s a fini kounye a. Pandan w ap prepare pou ale, tanpri vini pran zafè pèsònèl ou yo mwen te kolekte nan men ou anvan. Yon fwa ou gen tout bagay ou, ou ka sòti nan sal la tou dousman. Tanpri sonje gen elèv nan lòt sal yo k ap pran tè s la toujou. Konpliman ankò epi mwen remèsye ou pou patisipasyon ou ak pou tout efò ou fè.

OSWA

Si lekòl ou a PA kolekte zafè pèsònèl elèv yo, sipèvizè ou a pral di:

- 🔊 Administrasyon tè s a fini kounye a. Ranmase bagay ou yo, epi sòti nan sal la tou dousman. Tanpri sonje gen elèv nan lòt sal yo k ap pran tè s la toujou. Konpliman ankò epi mwen remèsye ou pou patisipasyon ou ak pou tout efò ou fè.